

CHAK ELÈV,  
CHAK JOU,  
JWENN KONESANS

Byenvini nan lekò entèmedyè Harns Marsh, yon lekòl espesyalize pou atizay ak edikasyon. Objektif nou se pou prepare chak elèv pou siksè lè nou ofri yo yon kalite edikasyon anrichisan nan yon anviwònman ki san danje epi ki byen jere.

Harns Marsh se yon lekòl entèmedyè eksepsyonèl. Vizyon nou se " pou nou vin lekòl entèmedyè klas mondyal. " Misyon nou se "chak elèv, chak jou, jwenn konesans." Elèv nou yo ap aprann lang ak aksyon k ap ede yo nan travay ak nan lavi yo.

Nou kwè tout timoun yo bezwen inik ak divès bezwen edikatif epi yo aprann pi byen nan yon anviwònman edikasyonèl ki estriktire pou satisfè bezwen sa yo. Tout pwofesè yo itilize estanda leta Florid yo kòm yon gid pou lesson yo. Objektif la se pou tout elèv yo rive jwenn metriz nan estanda sa yo. Pwofesè yo itilize estrateji pedagojik pou satisfè bezwen elèv endividiyèl yo epi ankouraje angajman aktif. nou kwè elèv ki angaje yo se elèv k ap aprann.

Nou gade pou pi devan pou travay avèk ou ak ptit ou a, epi nou envite ou vin yon volontè lekòl la! Nou apresye patisipasyon w paske yon patenarya solid ak fanmi yo ap lakòz yon gwo eksperians edikasyonèl pou ptit ou a.

Linda Maere

Linda Maere, Principal



The School District  
of Lee County

# Harns Marsh MIDDLE SCHOOL



## Harns Marsh MIDDLE SCHOOL

Yon akademi espesyalize pou  
atizay ak edikasyon

1820 Unice Avenue North  
Lehigh Acres, FL 33971

PHONE

239-690-2025

FAX

239-690-2028

AprilMK@leeschools.net

YON AKADEMI ESPESYALIZE POU  
ATIZAY AK EDIKASYON

Kote atizay ak  
entelijans rankontre

# BULLS



ARTS PROBLEM SOLVING GROWTH MINDSET VALUES WORK ETHIC CRITICAL THINKING

## ARTIZAY 🎨

Elèv yo eksploré atizay toupatou nan lemonn atravè aktivite ki baze sou pwojè. Yo konpare divès kalite repons kiltirèl nan atizay, yo vin gen respè pou pèspektiv divès ak eritaj rich yo pataje nan kilti ki soti toupatou nan lemonn. Yo gen opòtinite pou kreye travay ki genyen de dimansyon, ki ka gen ladan I desen, penti, enprimri, ak / oswa kolaj.

## DANS 💃

Elèv ki konsantre yo nan dans pral konplete yon kou etid nan balè, lirik, djaz, swing, ak lòt estil yo rekonèt nan dans. Pwogram nan mete yon gwo aksan sou bon kalite atistik, etidye eleman dans, aplikasyon ak devlopman nan ladrès dans, vokabiliè, koreografi ak apresyasyon elèv la genyen pou dans kòm yon fòm atizay.

## OKÈS 🎸

Okès la bay bon lavi pou elèv la, kèlkeswa kote I soti. Pandan yap aprann teknik fondamantal pou enstriman ak kòd, elèv yo amelyore motivasyon pwòp tèt yo, kooperasyon ak kapasite lidèchip.

## TEYAT 🎭

Yo prezante elèv yo ak fondamantal sou teyat epi ede yo konsantre nan imajinasyon, mime, vwa, mouvman, ak jwe aktè. Yo aprann pratike ekri pou teyat tou ak eksploré divès kalite wòl ak fonksyon teyat. Kòm yo devlope ladrès dramatik yo, elèv yo tou aprann aspè teknik nan teyat ki gen ladan II imyè, son, kostim, dekò, makiyaj, ak jesyon sènt.

## KLAVYE 🎹

Elèv ki pat gen eksperyans anvan yo devlope teknik fondamantal pyano, aprann li mizik, aplike teyori mizik debaz, epi eksploré wòl klavye mizik nan istwa ak kilti.

## KORAL 💬

Koral fèt pou ede elèv yo eksploré talan vokal yo, pandan y ap aprann epi pèfòme diferan estil vokal. Manm koral yo devlope disiplin, pèseverans ak lidèchip pandan y ap aprann kijan pou chante nan inison ak amoni kòm yon gwoup. Elèv yo pèfòme nan de gwo konsè chak ane, epi yo gen opòtinite pou fè lòt pèfòmans pandan tout ane a.



CAMBRIDGE  
International Examinations

## YON CHEMEN CAMBRIDGE

Yon chemen Cambridge ofri elèv yo yon pakèt domèn nan yon kourikoulòm avanse.

Elèv yo gen chans pou jwenn konesans ak ladrès yo bezwen pou reyisi nan lekòl, invèsite ak pi iwen.

## BANN 🎵

Bann entwodui elèv yo nan plezi ki genyen lè yo aprann yo jwe yon enstriman mizik. Elèv yo aprann sou diferan fanmi enstriman mizik epi chwazi youn pou yo aprann jwe. Yo aprann fondamantal nan notasyon mizik, ki jan yo jwe enstriman yo, epi yo aprann travay ansanm kòm yon ekip. Nan gwoup mizikal ki jwe konsè, elèv ki te fini ak yon lane nan bann kontinye etid yo, yo vin pi konpetan nan jwe enstriman mizik yo epi yo aprann mizik ki pi difisil yo. Elèv ki nan bann yo pèfòme nan de gwo konsè chak ane, anplis de lòt sòti edikatif yo fè pou yo al jwe lòt kote.